



Pou Piblikasyon Imedya: 14/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN MWENS PASE 48 ÈDTAN KI RETE, GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE NOUYÒKÈ  
YO POU RANPLI RESANSMAN ETAZINI AN**

***Nouyòkè yo toujou kapab ranpli Resansman an depi lakay yo nan kèk minit: [Sou entènèt](#), nan telefòn oswa kourye***

***Tan an prèske fini - Mwens pase 48 èdtan ki rete - Delè pou ranpli Resansman an se 16 oktòb nan 6am ET***

***Swiv direktiv yo pou ede #GetCountedNY***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple tout Nouyòkè yo jodi a pou ranpli Resansman an kounye a. Resansman an kapab ranpli depi lakay nan mwens pase 10 minit [sou entènèt](#), nan telefòn oswa kourye. Biwo Resansman Etazini an te anonse dènyèman delè pou ranpli Resansman an se vandredi 16 oktòb nan 6am ET.

"Resansman an fèt sèlman yon fwa chak 10 ane epi se youn nan fason ki pi enpòtan pou Nouyòkè yo kapab ede eta a jwenn reprezantasyon ak finansman nou bezwen nan Washington. Pwosesis sa a afekte anpil avni eta nou an, epi mwen egzòte anpil chak Nouyòkè pou patisipe epi fè sa kounye a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Pandan New York kontinye batay pou jwenn èd nan men gouvènman federal la pou ede nou reponn ak pandemi COVID-19 la, moman an se kounye a pou Nouyòkè yo ranpli Resansman an."

Yon fwa chak deseni, peyi a reyalize Resansman an, sa ki se yon kontaj chak Ameriken ki obligatwa selon konstitisyon an, kèlkeswa sityasyon sitwayènte yo. Resansman chak deseni an se youn nan pwogram peyi a ki pi enpòtan. Pati ekitab Nouyòkè yo nan finansman federal pou pwogram yo esansyèl pou swen sante, edikasyon, planifikasyon pou ijans, lojman, devlopman ekonomik ak transpò, ansanm ak reprezantasyon kongrè nou an nan Washington, tout sa yo depann de yon repons Resansman ki egzak ak byen konte.

**Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare**, "Mwen egzòte tou Nouyòkè pou pran 10 minit epi ranpli Resansman an touswit. Pa gen danje epi li fasil pou ranpli Resansman an, epi enfòmasyon ou bay yo ap rete konfidansyèl. Li pa te janm pi enpòtan anvan sa pou tout Nouyòkè yo ranpli Resansman an pou asire New York jwenn pati ekitab li nan finansman federal la".

Anba a se enfòmasyon kle sou pwosesis kontaj Resansman an ke tout Nouyòkè yo dwe sonje lè y ap ranpli Resansman an:

**Kat Fason pou Reponn.** Gen kat fason pou reponn Resansman 2020 an: sou entènèt, nan telefòn, nan kourye oswa an pèsòn (avèk èd Ofisyè Resansman ki pral vizite kay ki poko reponn yo). Vizite <https://my2020census.gov/> pou ranpli Resansman an sou entènèt oswa rele [1-844-330-2020](tel:1-844-330-2020) pou ranpli Resansman an nan telefòn. Ou kapab jwenn lòt nimewo telefòn pou plizyè lang [isit la](#). Ou kapab voye pa lapòs tou fòm ou te dwe resevwa nan mwa mas nan men Biwo Resansman an.

**Kesyon yo Poze.** Resansman an mande konbyen k ap viv nan kay ou nan dat 1ye avril 2020. Resansman an poze sèlman 10 kesyon debaz: non; kantite moun k ap viv oswa ki rete nan kay la nan 1ye avril 2020; si rezidans lan se pwopriyete ou oswa lokasyon; nimewo telefòn (sèlman itilize si nesesè pou zafè ofisyèl Biwo Resansman an); sèks; laj; dat nesans; orijin Ispanik; ras; ak relasyon avèk lòt manm nan kay la.

Lè w ap ranpli Resansman an, tanpri sonje ke etidyan kolèj yo dwe konte kote yo t ap ye nan dat 1ye avril 2020 an, menm si yo te ale lakay pi bonè akòz fèmti lekòl poutèt COVID-19 oswa chanjman nan ansèyman a distans.

Resansman an p ap janm mande sityasyon sitwayènte oswa imigrasyon, nimewo sekirite sosyal, lajan oswa donasyon, okenn bagay nan non yon pati politik oswa nimewo kont bank oswa kat kredi ou.

**Ofisyè Resansman Etazini yo nan Katye ou.** Ou ka wè ofisyè Resansman yo, ke yo rele enimeratè, nan katye ou pou kolekte repons pou Resansman 2020 an. Tout ofisyè Resansman yo te fini yon fòmasyon vityèl an rapò ak COVID-19 sou distans sosyal ak lòt pwotokòl sante ak sekirite epi pral swiv direktiv sante piblik CDC ak lokal yo lè yo vizite. Tout ofisyè Resansman yo gen obligasyon pou mete mask epi ap genyen dezenfektan pou men ak gan.

Ofisyè resansman yo anboche nan zòn ou an, epi objektif yo se ede pou ou menm ak tout moun nan kay ou konte nan Resansman 2020 an. Si ofisyè resansman ki vizite lakay ou pa pale lang ou, ou ka mande vizit retou yon ofisyè resansman ki pale lang ou. Si pa gen okenn moun nan kay la lè ofisyè resansman an vizite a, ofisyè resansman an ap kite yon avi sou vizit li a ki gen enfòmasyon sou fason pou reponn sou entènèt, nan telefòn oswa kourye.

Sa anba yo se rapèl pou ede ou idantifye yon ofisyè Resansman:

- Ofisyè Resansman yo ak reprezantan sou teren yo pral reyalize travay yo ant [9 am](#) ak [9 pm](#).
- Tout ofisyè Resansman oswa reprezantan sou teren pral montre yon badj idantifikasyon ki gen non, foto, filigràn Depatman Komès, ak yon dat ekspirasyon.
- Anplis yo mete mask, tout ofisyè Resansman oswa reprezantan sou teren yo ap gen yon valiz ofisyèl Resansman 2020 ak aparèy elektwonik Biwo Resansman

an bay, tankou yon laptop oswa esmatfòn, ki gen logo Biwo Resansman an. Ap gen yon avi "zafè ofisyèl" sou machin yo a.

- Ofisyè Resansman yo p ap JANM mande pou antre lakay ou. Yo p ap **janm** mande lajan, fè menas anprizònman oswa depòtasyon, oswa mande dokiman anplis. Y ap sèlman poze kesyon ki sou kesyonè ofisyèl Resansman an.
- Ou kapab jwenn enfòmasyon anplis sou ofisyè Resansman yo lè ou klike [isit la](#).
- Si ou toujou gen kesyon sou idantite yon ofisyè Resansman, ou ka rele [844-330-2020](tel:844-330-2020) pou pale ak yon reprezantan lokal Biwo Resansman an.

**Imèl Resansman Etazini.** Biwo Resansman an te voye imèl tou bay fanmi yo ki poko reponn Resansman an. Imèl yo te ale jwenn tout fanmi ki nan zòn ki pa twò reponn yo, menm bay fanmi ki te reponn yo. Mesaj imèl yo sòti nan [2020census@subscriptions.census.gov](mailto:2020census@subscriptions.census.gov) epi gen ladan yon lyen pou paj oto-repons Resansman an.

**Done Ou yo Pwoteje.** Biwo Resansman Etazini an gen obligasyon dapre lalwa pou pwoteje repons ou yo epi kenbe yo byen konfidansyèl. An reyalyte, tout anplwaye fè sèman pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo pou lavi. Dapre Tit 13 Kòd Etazini an, Biwo Resansman an pa kapab pibliye okenn enfòmasyon ki kapab idantifye ou menm, lakay ou oswa sitiyasyon imigrasyon ou, menm bay ajans pou fè aplike lalwa yo. Lalwa asire done prive ou yo pwoteje epi okenn ajans gouvènman an oswa tribinal pa kapab itilize repons ou yo kont ou menm. Repons ou bay yo itilize sèlman pou pwodui estatistik.

**Evite Fwòd sou Entènèt:** Itilizasyon nenpòt sitwèb ki mansyone afilyasyon avèk Resansman Etazini an dwe verifye. Fason ki pi fasil pou ou verifye sit la se nan verifye si adrès la gen ".gov" ladan, piske sèlman sitwèb gouvènman eta a ak Etazini ki kapab itilize ".gov". Sit fwòd yo ki pretann yo se founisè sèvis ofisyèl gouvènman an ka vòlè enfòmasyon pèsònèl.

**Rapòte Fwòd ou Sispèk:** Si ou sispèk fwòd, rele [844-330-2020](tel:844-330-2020) pou pale ak yon reprezantan lokal Biwo Resansman. Si yo detèmine ke vizitè ki te vini nan pòt ou a p ap travay pou Biwo Resansman an, kontakte depatman lapolis lokal ou a.

W ap jwenn enfòmasyon ofisyèl sou Resansman an lè ou vizite [sitwèb Biwo Resansman Etazini](#) ak lè ou vizite [sitwèb Resansman Eta New York](#).

Depatman Deta nan Eta New York ofri tou resous annapre yo pou ede Nouyòkè yo:

**Liy Asistans Biwo pou Nouvo Ameriken (Office for New Americans)**

[1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636): Liy asistans gratis Biwo pou Nouvo Ameriken yo disponib [sòti lendi rive vandredi](#) apati 9AM rive 8PM epi kapab ede nouvo Ameriken yo nan plis pase 200 lang. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Biwo pou Nouvo Ameriken yo, vizite sitwèb la nan <https://www.newamericans.ny.gov/>. Ou kapab kontakte Biwo a tou atravè Twitter nan [@NYSNewAmericans](#) oswa Facebook nan <https://www.facebook.com/NYSNewAmericans>.

**Liy Asistans DCP pou Konsomatè [1-800-697-1220](tel:1-800-697-1220):** Liy Asistans DCP pou Konsomatè a ofri asistans san danje, dirèk pou nenpòt Nouyòkè ki kwè yo pa te byen trete yo pandan yo sou mache a. Pou rapòte fwòd oswa eskwokri sou Resansman an ke ou sispèk, rele Liy Asistans DCP pou Konsomatè a nan [800-697-1220](tel:800-697-1220), [lendi rive vandredi](#), 8:30am-4:30pm oswa vizite sitwèb DCP a nan [www.dos.ny.gov/consumerprotection](http://www.dos.ny.gov/consumerprotection). Ou kapab tou kontakte Divizyon an atravè Twitter nan [@NYSConsumer](#) oswa sou Facebook nan [www.facebook.com/nysconsumer](http://www.facebook.com/nysconsumer).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)